



IRS.gov/rrc

Reklamasyon Kredi Ranbousman Rekiperasyon 2021 an nan yon Deklarasyon Taks 2021

Majorite moun ki kalifye pou Kredi Ranbousman Rekiperasyon 2021 an te deja resevwa li, an avans, nan twazyèm tou **Pèman Enpak Ekonomik** yo. Y ap ka reklame twazyèm pèman ki manke yo nan yon deklarasyon taks 2021 sèlman.

Moun ki te resevwa tout montan twazyèm Pèman Enpak Ekonomik yo pa bezwen konplete okenn enfòmasyon konsènan **Kredi Ranbousman Rekiperasyon 2021** an nan deklarasyon taks 2021 yo a.

Moun yo te resevwa tout montan twazyèm Pèman Enpak Ekonomik la si:

- › Pèman yo a te 1 400 dola pou yon moun kalifye ki genyen yon nimewo Sekirite Sosyal (SSN) (2 800 dola pou koup ki marye k ap fè yon deklarasyon konjwen si toude (2) konjwen yo genyen yon SSN valid oswa si youn nan konjwen yo genyen yon SSN valid epi youn te yon manm aktif nan Fòs Lane Amerikèn pandan yon moman nan ane fiskal la) plis
- › 1 400 pou chak depandan kalifye ki genyen yon SSN valid oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab pou Adopsyon (ATIN) IRS la ba yo

Konsènan Kredi Ranbousman Rekiperasyon 2021 an

- › Moun ki pa t swa kalifye pou resevwa yon twazyèm Pèman Enpak Ekonomik – oswa te resevwa mwens pase montan total yo – ka kalifye pou reklame Kredi Ranbousman Rekiperasyon 2021 an dapre enfòmasyon pou ane fiskal 2021 yo a. Yo dwe depoze yon deklarasyon taks 2021 pou yo reklame li menm si yo pa gen abitud fè yon deklarasyon taks.
- › Ekzijans kalifikasyon yo se menm pou Kredi Ranbousman Rekiperasyon 2021 an jan yo te ye pou twazyèm Pèman Enpak Ekonomik la, sof, kalifikasyon pou kredi a ak montan kredi a baze sou enfòmasyon pou ane fiskal 2021 moun nan. Kredi Ranbousman Rekiperasyon 2021 an ap redwi tout taks yo dwe pou ane 2021 an oswa y ap nan ranbousman taks moun nan epi yo ka depoze li dirèk sou kont finansye li.
- › Fè yon deklarasyon taks 2021 ki konplè epi ki kòrèk pou evite reta nan ranbousman yo. IRS la ankouraje kontribyab yo pou yo fè deklarasyon pa vwa elektwonik epi kite lojisyèl taks la kalkile Kredi Ranbousman Rekiperasyon 2021 an. Moun yo ap bezwen montan tout twazyèm pèman yo te resevwa pou yo byen kalkile Kredi Ranbousman Rekiperasyon 2021 yo a.
 - Moun yo kapab ale sou **kont anliy** yo an tout sekirite pou yo wè montan twazyèm Pèman Enpak Ekonomik yo a nan dosye fiskal yo.
 - Apati fen janvyè 2022, IRS ap voye Lèt 6475 nan adrès ki nan dosye yo pou konfime montan total twazyèm Pèman Enpak Ekonomik nou resevwa pou ane fiskal 2021 an.